


## BAB III

### MÉTODEU PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Métode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nyaéta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol Nazir (2014, kc. 73). Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 123) métode kuasi ékspérimén dibagi jadi tilu rupa, nyaéta: 1) one shot case study; 2) pre-test and post- test; 3) static group comparison.

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pre-test jeung post-test. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré pre-test anu tuluy dibéré treatment sangkan ngalatih kamampuh siswa dina kawih kalayan ngagunakeun model Explicit Intruction, anu satuluyna dilakukeun post-test. Desainna saperti di handap ieu.



Desain Panalungtikan pre-test jeung post-test  
Arikunto (2013 kc.124)

Katerangan:

- O<sub>1</sub> = *Pre-test* (kamampuh ngawih saméméh ngagunakeun modél Explicit Intruction).
- X = *treatment* pangajaran ngagunakeun modél Explicit Intruction.
- O<sub>2</sub> = *Post-test* (kamampuh ngawih ngagunakeun modél Explicit Intruction).

#### 3.2 Sumber Data

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMK Negeri 12 Bandung anu lokasina di Jl.Pajajaran No.92. Ieu sakola ngabogaan 36 kelas. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XI KPU 2 SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019 anu jumlahna 34 siswa, 28 lalaki jeung 6 awéwé.

#### 3.3 Wangenan Operasional

Dumasar kana pedaran panalungtikan anu sipatna leuwih teoritis, ieu di handap dijelaskeun deui ngeunaan wangenan tina masing-masing variabel anu aya dina ieu panalungtikan.

Cica Zahra Nadia, 2019

**MODEL EXPLICIT INTRUCTION DINA PANGAJARAN KAWIH**

**(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI-KPU 2 SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018-2019)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Modél *Explicit Intruccion* nya éta modél pangajaran anu dirarancang pikeun mekarkeun diajar siswa ngeunaan pangaweruh prosédural jeung pangaweruh déklaratif nu bisa diajarkeun ku pola saléngkah-saléngkah. Dimimitian ku nepikeun kompetensi/tujuan pangajaran jeung nyiapkeun siswa, ngadémonstrasikeun pangaweruh jeung kaparigelan, ngaping latihan siswa, mariksa pamahaman siswa jeung méré kasempetan ka siswa pikeun latihan deui.
- 2) Ngawih nya éta asal kecap tina kawih, ngawih miboga arti dina kelas *verba* atawa kecap pagawéan. Ngawih bisa jadi tindakan, kaayaan, pangalaman atawa harti dinamis anu lianna. Kawih anu ngawengku ékspresi jeung téknik vokal.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data atawa informasi anu saluyu jeung masalah panalungtikan. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta wangun tés. Tés digunakeun pikeun ngukur kamampuh dina ngawih. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

#### 1) Tés

Wangun tés dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngukur kamampuh ngawih nu ngajén tina 2 aspék kayaning éksprési jeung téknik vokal, saméméh ngagunakeun modél *Explicit Intruccion* jeung kamampuh ngawih sabada ngagunakeun modél *Explicit Intruccion*.

Tés Ngawih  
Pék téangan kawih Sunda, judulna bébas tuluy haleuangeun di hareupeun kelas!  
Ku katangtuan ieu dihandap :  
1. Judulna bébas,  
2. Durasi maksimal ngawih 3 menit,  
3. Mawa file video/cd *karoke* anu baris dipintonkeun ku séwang-séwangan.

### 3.5 Prosedur Panalungtikan


Pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan *kuantitatif* anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, desain anu dipaké nyaéta désain *pretest and posttest Explicit Intruccion*. Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun dina bagan saperti ieu di handap.

Cica Zahra Nadia, 2019

MODEL EXPLICIT INTRUCCION DINA PANGAJARAN KAWIH

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI-KPU 2 SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018-2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Bagan 3.1 Prosedur Panalungtikan

Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nya éta ieu di handap.

1) Masalah anu Karandapan dina Pangajaran Kawih

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara jeung guru Basa Sunda SMK Negeri 12 Bandung, ngeunaan masalah atawa pasualan anu aya di kelas nalika nepikeun matéri ajar kawih hususna di kelas XI KPU 2 luyu jeung kurikulum anu digunakeun nyaéta kurikulum 2013 revisi.

2) Rumusan Masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh ngawih di kelas XI KPU 2 SMK Negeri 12 Bandung.

3) Raraga Tiori.

4) Ngarumuskeun Hipotésis.

5) Ngarumuskeun instrumén.

6) Ngumpulkeun Data (saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Explicit Intruccion*).

Sabada kapanggih masalah anu aya di kelas SMK Negeri 12 Bandung kelas XI KPU 2 Taun Ajar 2018/2019, tuluy panalungtikan ka kelas. Fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali, nyaéta saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Explicit Intruccion*. Tés saméméh ngagunakeun modél *Explicit Intruccion* tujuanna pikeun

Cica Zahra Nadia, 2019

MODEL EXPLICIT INTRUCCION DINA PANGAJARAN KAWIH

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI-KPU 2 SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018-2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

mikanyaho kamampuh siswa dina ngawih anu ngajén 2 aspék kayaning ékspresi jeung téknik vokal, sedengkeun tés sabada ngagunakeun modél *Explicit Instruction* dilaksanakeun anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh ngawih siswa anu ngajén 2 aspék nya éta ékspresi jeung téknik vokal.

#### 7) Analisis Data

Data anu geus aya nyaéta data saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Explicit Instruction*. Dina ieu tahap, panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi *SPSS PASW versi 18*.

#### 8) Nyusun Laporan Panalungtikan

Sabada tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung ngaanalisis data, panalungtik nyusun laporan panalungtikan.

### 3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Tés nu dilaksanakeun nya éta pikeun ngukur kamampuh ngawih nu ngajén ékspresi jeung téknik vokal saméméh ngangunakeun modél *Explicit Instruction*, jeung kamampuh ngawih nu ngajén ékspresi jeung téknik vokal sabada ngagunakeun modél *Explicit Instruction* dina kagiatan diajar-ngajar.

Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nyaéta ieu di handap.

- a. Siswa dibéré tés pikeun ngukur kamampuh ngawih nu ngajén ékspresi jeung téknik vokal, saméméh ngagunakeun modél *Explicit Instruction*.
- b. Sabada mikanyaho hasil tés ngawih siswa, panalungtik nataharkeun naon waé anu dibutuhkeun nalika prosés pangajaran kawih kalayan ngagunakeun modél *Explicit Instruction*.

### 3.7 Téhnik Analisis Data

Kagiatan nganalisis jeung ngolah data minangka cara nu dipaké pikeun nyangking jawaban tina pasualan anu ditalungtik. Ngolah data miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Explicit Instruction*.

Cica Zahra Nadia, 2019

MODEL EXPLICIT INSTRUCTION DINA PANGAJARAN KAWIH

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI-KPU 2 SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018-2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data, nya éta data pikeun mikanyaho hasil kamampuh ngawih saméméh ngagunakeun modél *Explicit Intruccion* jeung data hasil kamampuh ngawih sabada ngagunakeun modél *Explicit intruccion*.

a) Méré peunteun kamampuh ngawih nu ngajén 2 aspék nya éta éksprési jeung téknik vokal saméméh jeung sabada ngagunakeun rubrik peunteun.

Tabel 3.1  
*Rubrik Peunteun (Sugiyono, 2015, kc.94)*

No	Aspék	Peunteun	Kriteria
1.	Éksprési	5	Hadé pisan : ngawih maké émosi (penghayatan) anu mernah tur saluyu jeung kawih anu dipidangkeun.
		4	Hadé : ngawih maké émosi (penghayatan) kurang mernah jeung kawih anu dipidangkeun.
		3	Cukup : ngawih bari gerak tapi teu maké émosi (penghayatan) saluyu jeung kawih anu dipidangkeun.
		2	Kurang : ngawih hungkul teu maké émosi (penghayatan).
		1	Kurang pisan : ngawih asal-asalan.
2.	Téhnik Vokal	5	Hadé pisan: artikulasi anu di ucapkeun jelas a,i,u,e,o na jeung wirahma anu tepat.
		4	Hadé: artikulasi anu di ucapkeun cukup jelas jeung wirahma.
		3	Cukup: artikulasi anu diucapkeun jelas jeung lentongna kurang.
		2	Kurang: artikulasi anu diucapkeun teu jelas lentongna kurang.
		1	Kurang pisan: artikulasi anu diucapkeun teu jelas jeung euweuh lentongan.

Jumlah skor 5-100

b) Méré skor kamampuh ngawih

Cica Zahra Nadia, 2019

MODEL EXPLICIT INTRUCCION DINA PANGAJARAN KAWIH

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI-KPU 2 SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018-2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$\text{Peunteun} = \frac{\sum \text{skor nu kahontal}}{\sum \text{skor maksimal}} \times 100$$

c) Ngasupkeun peunteun kana tabel 3.2.

Tabel 3.2  
Tabél Format Peunteun *Pre-test* jeung *Post-test* kaparigelan Ngawih

No. Absen Siswa	Aspek nu Dipeunteun		Jumlah	Peunteun	Keterangan
	Ekspresi	Téhnik Vokal			
1					
2					
jst.					

Keterangan:

A = Ekspresi

B = Téhnik Vokal

Kategori =

- Peunteun  $\geq 65$  siswa dianggap mampu dina kaparigelan ngawih.
- Peunteun  $< 65$  siswa dianggap can mampu dina kaparigelan ngawih.

### 3.7.1 Uji Sipat Data

Pikeun uji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara maké *software SPSS PASW versi 18. Statistical Product and Service Solutions* (SPSS) nyaéta hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik. Data *input* anu dianalisis nyaéta hasil *pre-test* jeung *post-test*, jeung *indeks gain* anu salajengna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

Cica Zahra Nadia, 2019

MODEL EXPLICIT INTRUCTION DINA PANGAJARAN KAWIH

(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI-KPU 2 SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018-2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.7.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta uji sipat data anu miboga tujuan pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel anu digunakeun dina panalungtikan. Data anu alus jeung layak digunakeun dina panalungtikan nyaéta data anu miboga distribusi normal. Pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat normal atawa teu normal, bisa digunakeun uji *Kolmogrov-Smirnov* atawa uji sampel *Shapiro Wilk*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

$H_0$  : distribusi data normal

$H_1$  : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Shapiro Wilk*, ku taraf signifikan 5% ( $\alpha=0,05$ ). Kriteria ngujina saperti ieu di handap.

$H_0$  ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi)  $\geq 0,05$

$H_1$  ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi)  $< 0,05$

### 3.7.1.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas nyaéta uji ngeunaan sarua atawa henteuna variasi-variasi dua distribusi atawa leuwih. (Sudjana, 2005). Uji homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogen atawa henteuna variasi dina sumber data. Anapon hipotésis pikeun uji homogénitas saperti ieu di handap.

$H_0$ : varians sampel homogen

$H_1$  : varians sampel teu homogen

Uji homogénitas dilakukeun ku uji *Levene* ku taraf signifikansi 5% ( $\alpha=0,05$ ), kriteria ngujina saperti ieu di handap.

$H_0$  ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi)  $\geq 0,05$

$H_1$  ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi)  $< 0,05$

### 3.7.1.3 Uji Hipotésis

Dina uji hipotésis téh aya dua cara. Saupamana data hasil uji normalitas nunjukeun hasil yén éta data téh miboga distribusi data anu normal, ku kituna éta data téh dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistik parametris kalawan ngagunakeun t-tes, sedengkeun saumpama data téh teu miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun statistik non-parametris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pairs Test*.

**Cica Zahra Nadia, 2019**

**MODEL EXPLICIT INTRUCTION DINA PANGAJARAN KAWIH**

**(Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI-KPU 2 SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018-2019)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

$H_0$  (Hipotesis nol) = Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh ngawih siswa kelas X SMK Negeri 12 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Explicit Intruction*.

$H_1$  (Hipotesis alternatif) = Aya béda anu signifikan antara kamampuh ngawih siswa kelas X SMK Negeri 12 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Explicit Intruction*.